

HOMELIE À LA CÉLÉBRATION DE CLÔTURE DU JUBILÉ DES 75 ANS
DE PRESENCE DES OBLATS EN HAÏTI
PAR LE CARDINAL CHIBLY LANGLOIS, EVEQUE DES CAYES
LE 19 MAI 2018

1^{ère} Lecture : Isaïe 61, 1-6
2^{ème} Lecture : 1 Cor 2, 1-10
Evangile : Mt 9, 35-38

Frères et sœurs bienaimés,

1. Je salue avec joie la présence de mes frères évêques, Mgr. Alix Verrier et Mgr Willy Romélus. Je joins à eux le Provincial d'Haïti, le conseiller général pour l'Amérique Latine, le Provincial des Etats Unis, les membres de la délégation d'Allemagne et du Canada. J'adresse mes salutations avec joie et affection aux Prêtres, aux Diacres, aux Religieux et Religieuses, aux autorités et aux différentes délégations venues des différentes paroisses où les Oblats exercent leur ministère.
2. Je remercie le Provincial, le Père Elince Martyr, d'organiser cette fête jubilaire pour marquer les 75 ans de présence des Oblats en Haïti. Cela nous permet de faire mémoire du passé, d'assumer le présent et de nous préparer pour l'avenir.
3. Le 25 janvier dernier, nous étions dans la paroisse Saint-Eugène de Mazenod pour ouvrir les célébrations jubilaires des 75 ans de présence oblats en Haïti. Aujourd'hui nous sommes à Mazenod, haut lieu de cette présence oblats pour la clôture de ces célébrations. L'atmosphère est donc à l'action de grâce.
4. Notre célébration d'aujourd'hui revêt un caractère particulier étant donné les circonstances dans lesquelles elle a lieu. En plus des 75 ans, au niveau de l'Eglise universelle, nous nous apprêtons à célébrer, le 21 mai prochain, la mémoire de Saint Eugène de Mazenod, fondateur des Missionnaires Oblats de Marie Immaculée. Nous avons raison d'adresser nos louanges à Dieu non seulement pour tout ce que le Seigneur a permis aux Oblats de réaliser durant tout ce temps de leur mission, mais aussi pour le don de Saint Eugène à l'Eglise.
5. Fèt sa a fè nou konprann kijan Bondye renmen Legliz li a. Nan moman kote gen yon bezwen sèten, Bondye mete kanpe moun ki kapab fè fas a bezwen sa a. Ki bezwen ki te genyen nan moman Sent Ejèn te parèt nan lavi Legliz la ?
6. Sete moman peyi Lafrans tap soti nan latwoublay evenman 1789 yo te pote. Yon moman kote Legliz la te pran gwo kou. Otorite ki te soti nan revolisyon fransèz la te vle mete pwòp legliz pa yo nan peyi sa a, yon legliz ki ta sou lobedyans yo. Konsa yo te ekzije pè yo pou yo prete sèman a gouvènman revolisyonè a, pou se gouvènman sa a ki gen kontwòl sa ki konsène relijyon an, pou se li ki mete pè li vle nan pawas li vle, evèk li vle nan dyosèz li vle. Yo te vle yon legliz ki restavèk leta , ki nan sèvis pouvwa yo; yon legliz endepandan ki koupe ak rès Legliz katolik la e patikilyèman ak sila a ki antèt Legliz la : Pap la.
7. Anpil Pè ak Evèk pat aksepte antre nan yon sistèm konsa poutèt fidelite ak obeyisans yo pou Pap la ki se chèf vizib Legliz la. Genyen nan Pè sa yo, Evèk sa yo, yo touye, genyen yo te mete nan prizon, genyen ki te oblije ekzile, genyen ki te oblije nan mawon. Se an kachèt yo tap fè ti travay pastoral yo.

8. Tout evènman sa yo, Ejèn te viv yo nan anfans li. E lè li vinn pè, gen anpil moun ki te gen tan vire do bay larelijyon akòz sitiyasyon sa a. E se pou evanjelizasyon moun sa yo, sitou sa ki pi pòv nan mitan yo, Pè Ejèn te asosye li ak kèk lòt konfrè pè pou preche misyon nan lang pwovensal, sèl lang moun ki pat pase lekòl yo te kapab pale. Ti gwoup misyonè sa a, li te rele l « Les Missionnaires de Provence » Se te premye nwayo kongregasyon ki ta pral pote non « Oblats de Marie Immaculée », apre yo te fin gen rekonesans Pap la. Se yon kongregasyon ki pat pran tan pou voye misyonè al preche Bòn Nouvèl la toupatou ki te gen bezwen. Se konsa jou ki te 25 janvye 1943, yo te atèri nan Dyosèz Okay ansanm ak Monseyè Jean Louis Collignon ki te yon obla li menm. Sa fè 75 lane depi yo kòmanse misyon yo nan Dyosèz la.
9. Jodia, nou genyen pè obla yo nan 14 pawas nan Dyosèz la ak nan yon kazi/pawas. Yo prezan tou nan kèk lòt aktivite apostolik tankou lekòl, ti seminè, kay kote yo fòm jèn ki vle vin obla. Nou jwenn yo nan kay yo fè pou resevwa granmoun ki pa gen mwayen. Toupatou kote yo ye, yo kontinye viv eritaj Monseyè Ejèn de Mazenod te kite pou yo a : « Il m'a envoyé évangéliser les pauvres, et les pauvres sont évangélisés ».
10. Pour toutes ces raisons, frères et sœurs, nous sommes là aujourd'hui à rendre grâces au Seigneur pour ses nombreux bienfaits. Grâce lui soient rendues pour la Bonne Nouvelle prêchée dans nos villes et nos campagnes, pour les conversions opérées dans les cœurs grâce à cette prédication, pour les cœurs qui renaissent à l'espérance, pour ceux qui ont pu répondre à l'appel du Christ grâce à l'accompagnement des Oblats, pour les personnes qui ont pu trouver leur voie en raison de la bonne éducation qu'ils ont reçue ici à Mazenod ou au Collège Saint Jean. Béni sois-tu Seigneur pour tant de signes d'amour.
11. M ta vle nan menm okazyon sa a, di Kongregasyon Pè Obla yo yon gwo mès. M mande Pè Elince ki se siperyè pwovens oblat Ayiti a pou li fè remèsiman sa a rive jwenn siperyè jeneral kongregasyon an ak tout ekip kap ede li. Mwen menm kòm Evèk kap mache sou tras Monseyè Collignon nan Okay, mwen di nou mès sa a ak tout kè mwen. Avèk prezans Monseyè Collignon anpil Ayisyen te ka antre nan Seminè pou yo vin Pè. Pat gen diferans ant seminaris Obla ak Dyosèzen. Anpil diskriminasyon te disparèt. Konsa, travay enkiltirasyon levanjil la ak Legliz la te rive fèt pou misyon an pote bon jan fwi ki sote nan mitan Pè Ayisyen an. Nou rekonèt kontribisyon nou pote nan fè jèmen vokasyon pami jèn nou yo.
12. Mès pou travay pastoral nap reyalize nan pawas kote nou ye nan Dyosèz la, pou temwayaj nap bay alatèt enstitisyon nap dirije yo. Nou rekonèt kijan nap ekzèse ministè nou ak anpil devouman nan sakrifye tèt nou pou fè sèvis la. Nan non tout Dyosèz la, mwen di nou yon gwo mès. Mwen di nou tout Obla yo, nou lakay nou nan Dyosèz Okay. Nan Dyosèz Okay, nou pi lakay nou pase nan okenn Dyosèz nan peyi a, se pa vre ?
13. Frè m ak sè m yo, nan moso Levanjil nou tande a, Sen Matye fè yon ranmase sou tout travay Jezi te fè nan preche Bòn Nouvèl la nan zòn Galile a. Ak Jezi se Bondye menm ki vin geri limanite. Konsa Jezi vin reyalize sa Pwofèt Izayi te deklare nan premye moso labib la: “ Lespri Granmèt la sou mwen paske li sakre mwen pou m pote Bòn Nouvèl la bay pòv yo, li voye m anonse moun ki nan prizon yo, yo lage, moun ki avèg yo retounen wè, moun yo maltrete yo gen libète, li voye m anonse yon ane Granmèt la ap fè gras”.
14. Se pawòl sa a menm menm ki te enspire Sent Ejèn, ki fè li mete kanpe kominote Pè Obla yo: “ Li voye m anonse Bòn nouvèl la bay pòv yo” E se sa ki deviz kominote sa a. Men, se yon anons ki pa

fèt ak pawòl sèlman, men ak siy tou. Se pou sa nou wè kominote sa a travay nan edikasyon, nan akonpaye jèn. Pa twò lontan de sa, yo te rasanble plantè kafe sou kòt la anndan koperativ UNIKÒ pou ba yo ankadreman e ede yo jwenn plis ranman nan pwodiksyon ak lavant pwodui rekòt yo. Se pou sa tou yo ap travay nan bay granmoun yo swen pou ede yo viv vyeyès yo dapre sa yo ye kòm moun, ak tout diyite yo.

15. Se sa menm Jezi te vle demontre ak mirak li fè yo. Tankou levanjil la di nou: Li tap geri tout maladi ak tout feblès. Mirak li yo temwaye Bondye avèk li. Peyi kote Bondye Wa a la nan mitan nou. Nan vini Jezi vini sou tè a, fòs mal la pran yon bon gwo kou paske Bondye la avèk nou. Gouvènman I lan tabli nan mitan nou.
16. Jis jounen Jodi a, Legliz la bezwen bay siy ki pou temwaye ke misyon li an se menm misyon Kris la kap kontinye. Nou bezwen temwayaj, zèv ki pou kore sa nap preche a. Pè Obla yo fè sa a travè zèv yap dirije yo. Nou menm kretyen, Jezi mande pou n mete talan nou nan sèvis frè n ak sèn yo ki sou tè a. Se pa lantremiz nou menm li vle kontinye geri malad yo, fè avèg yo wè, libere prizonye yo e anonse tan delivrans lan rive. Men fòs mal yo toupatou. Yo nan enstitisyon nou yo, yo nan kè nou kòm moun. Se pou sa Jezi avèti nou: “Rekòt la anpil, men manke ouvriye”.
17. Jezi bezwen men pou fè travay la. Li bezwen pè ki pou tankou Sent Ejèn al pote bòn nouvèl la bay pòv yo. Li bezwen chè sè, al chè frè ki remèt li tout lavi yo pou li kontinye zèv Papa te voye l fè sou tè a. Li bezwen layik konsekan ki pap pèdi idantite yo, lè yo nan pale nasyonal, nan palman an, nan sistèm jistis la, nan administrasyon leta a, nan sistèm edikasyon, nan sistèm lasante. Grasa travay yo, ya montre gouvènman Bondye a rive reyèlman vre.
18. Nan moman nap pare nou pou nou selebre fèt lapankot la, mwen envite nou pou nou koute Jezi ki mande nou Lapriyè pou mande ouvriye nan rekòt la. An nou pwofite mande Lespri Sen an pou li anvayi kè kretyen nou yo ak tout kalite karis ak benediksyon yo bezwen pou kontinye pote kole ak Jezi. An nou mande li pou mete nan kè jèn gason ak jèn fi bon jan dispozisyon pou ka genyen bon jan Pè, chè frè ak chè sè nan tout legliz la. Pou gen bonjan chè frè ak pè nan mitan kongregasyon obla yo.
19. Reyèlman vre, frè m ak sè m yo pap janm genyen ase ouvriye nan rekòt la. Se te ayè m te resevwa yon lèt yon evèk ki mande m si m ka prete l yon pè pou al travay l nan dyosèz li. Konferans evèk yo ki nan peyi Kiba ekri konferans evèk Ayiti yo pou mande yo si nou ka voye misyonè al travay lakay yo. Menm si nou dwe souffri pou bezwen pa nou fò nou pataje ak yo.
20. Nou menm nan peyi Dayiti, nou gen pwòp bezwen pa nou tou. Nou bezwen kreye lòt pawas, nou bezwen kreye kominote kretyen pou gadyen yo kapab pi pre mouton yo. Si chak chapèl te ka vinn gen yon pè pou sèvi yo, se sa nou ta swete. Men elas, nou pa gen pè sifi, nou pa gen mwayen sifi. A laverite, rèv Jezi genyen pou Legliz la, yon rèv Sent Ejèn te pote nan kè li, se yon Legliz ki deside reyèlman vre al tabli nan mitan pòv yo pou pote Bòn Nouvèl la nan kè yo ak nan reyelite yap viv chak jou a, pou leve reyelite sa a jous nan dimansyon kote moun dwe viv kòm pitit Bondye tout bon vre.
21. Pou sa fèt, nou konte sou konkou lapriyè Manman Mari. Obla yo chwazi l kòm patwòn yo sou non Mari Imakile. Li se patwòn peyi nou an. Nou rekonèt nan li Manman Pèpetyèl Sekou, sa vle di Manman ki toujou la pou pote nou sekou. Se pou li kanpe bò kote n nan tout jefò nap fè pou l ede nou fè Peyi nou tounen peyi kote nap viv jan Bondye vle a. Konsa Bondye kap gouvènen nou kòm Wa va parèt pi vizib nan peyi nou. Amen !